# ORAZBAY ÁBDIRAHMANOVTIŃ "MIRZANIŃ IZI" ESSESINDE TURMIS SHINLIǴI HÁM JAZIWSHI FANTAZIYASI

***Aymuratova Aqsungúl***
*QMU 1-kurs magistrantı*

**Annotatsiya**. Bu maqolada publitsistik asarlar va ularning xususiyatlari asosan, qoraqalpoq publitsistik adabiyotining paydo bo'lishi va rivojlanishi aks ettirilgan. Shuningdek, mashhur qoraqalpoq publitsistlaridan biri O.Abdurahmonovning «Mirzaning izi» nomli essesi tahlil qilingan.

**Аннотация**. В данной статье публицистические произведения и их особенности главным образом отражены в возникновении и развитии каракалпакской публицистической литературы. Также проанализировано эссе одного из известных каракалпакских публицистов О. Абдурахманова «Следы Мирзы».

**Annotation**. In this article, journalistic works and their features are mainly reflected in the emergence and development of Karakalpak journalistic literature. The essay of one of the famous Karakalpak publicists O. Abdurakhmanov «Traces of Mirza» is also analyzed.

**Kalit sózlar:** Badiiy asar, esse, yozuvchi fantaziyasi, publitsistik lirika, jurnalistika.

**Ключевое слова:** Художественная литература, эссе, писательская фантазия, публицистическая лирика, журналистика.

**Key words:** Fiction, essay, writer's fantasy, journalistic lyrics, journalism.

Publicistika - jámiyet turmısına, waqıya-hádiyselerge operativ múnasibet bildiriwshi dóretiwshilik-analitikalıq oylaw jemisi. Ásirese, kórkem publicistika oqıwshı sanasına tez tásir kórsetedi, qandayda bir ulıwma milliy wazıypa yamasa mashqala jóninde jámiyetshilik pikirin júzege shıǵaradı, onı zárúr jóneliste rawajlandıradı.

Publicistikalıq ruwx, publicistikalıq súwretlew usılları hám obrazlar kórkem ádebiyatqa tereń enisip ketkenligi bizge belgili. Siyasıy-jámiyetlik ózgerislerge baylanıslı bul baǵdardaǵı shıǵarmalar ayrıqsha kúshli rawajlanıp barmaqta.

XX ásirdegi rus alımlarınan V.Xalizev, V.Ginzburg, ózbek alımları I.Sultanov, U.Tóychiev, J.Kamalov, qaraqalpaq alımları S.Axmetov, K.Xudaybergenov, Q.Járimbetov, Q.Orazımbetovlardıń ilimiy miynetlerinde publicistikalıq shıǵarmalar hám olardıń ózgeshelikleri haqqında maǵlıwmatlar bar. Publicistikalıq shıǵarmalar hám olardıń túrli ózgesheliklerin úyreniw menen qatar bul máselege tereńirek jantasıp, publicistikalıq shıǵarmalardaǵı turmıs shınlıǵı, publicistikalıq shıǵarmalarda kórkem obraz jasaw hám jazıwshı fantaziyasınıń shıǵarma mazmunındaǵı tutqan ornı haqqında máselelerdi tereńirek úyreniw házirgi dáwir talabı bolıp esaplanadı.

Ǵárezsizlikke eriskennen soń jámiyette járiyalılıq hám demokratiyalıq ózgerisler dáwiri baslandı. Sonlıqtan da, burın áshkaralawdıń imkanıyatı bolmaǵan

jaǵdaylar endi kórine basladı. Shayır, jazıwshılar totalitarlıq dúzimniń unamsız illetlerin óz shıǵarmalarında áshkaralay basladı.

Kórkem publicistikada óz dáwiriniń social-jámiyetlik, ruwxıy-morallıq mashqalaları anıq kózge túsedi. Publicistikalıq shıǵarmalardıń jáne bir ózgesheligi jurnalistika menen baylanıslılıǵında. Sonlıqtan da, ilimpaz Q.Járimbetov óz miynetinde XIX ásirdegi qaraqalpaq klassikalıq poeziyasında publicistikalıq qosıqlardıń kelip shıǵıwın qaraqalpaq xalqınıń sol dáwirdegi ulıwma ruwxıy ómirinde jurnalistikanıń qáliplesip jetilispegenligine de baylanıstırıp qaraydı. [2;23]

S. Pushkinniń «Arzirumǵa sayaxat», L.Tolstoydıń «Iqrarnama», «Tınısh turalmayman», N. V. Gogoldiń «Al-Mamun», V.V.Mayakovskiydiń «Men ashqan Amerika», Sh.Aytmatov «Kassandra tamǵası» dóretpeleri, Ilya Erenburg, Hamid Alımjan qálemine tiyisli maqalalardı da sol dáwir kórkem-social publicistikasınıń joqarı úlgileri dewge boladı.[3]

Al, qaraqalpaq ádebiyatında zamanagóyligi, ruwxı menen kórkemligi joqarı dárejede jazılǵan bir qatar publicistikalıq shıǵarmalar jazıwda O.Ábdirahmanovtıń ornı óz aldına. Al, publicistikalıq lirikalar O.Sátbaev, B.Genjemuratov, S.Ibragimov qusaǵan shayırlardıń dóretiwshiliginde kóp ushırasadı.

Búgingi kúndegi publicistikalıq shıǵarmalardıń ideya-tematikalıq kózqarastan sezilerli rawajlanıp atırǵanlıǵı hám estetikalıq tásirsheńligi artqanlıǵı quwandırarlı jaǵday. Sonday-aq, kórkem súwretlew usıllarınıń ráńbáreńligi janrdı burıngıdan joqarı basqıshqa kóteriwge xızmet etedi.

Ǵárezsizlik dáwirine kelip, pútkilley jańa ideya-tematikalıq baǵdardaǵı insannıń psixologiyasın, onıń jámiyettegi ornın, xarakterin tereń ashıwǵa qaratılǵan, sociallıq problemalar menen qosa global mashqalalardı sáwlelendiriwshi shıǵarmalar kóp dóretilmekte.

Ideya-tematikalıq, janrlıq ózgeshelikleri, kórkemlik dúnyası menen qaraqalpaq prozasında oqıwshını ózine tartatuǵın, turmıs shınlıǵın sáwlelendiriwshi shıǵarmalar kóp. Olardıń biri sıpatında O.Ábdirahmanovtıń «Mırzanıń izi»n aytıwǵa boladı. Bul esse «Shımamnan shıqqan dárwish», «Abay degen kim edi?», «Bárekella sadalar!», «Sayaqtıń tayaǵı yamasa jınayat qalayınsha bolǵan edi?» sıyaqlı dúrkin bólimlerden ibarat. Sonday-aq, «Mırzashılıqtıń aqıbeti» bólimin baslarda «Biz házirshe Mırzanıń izine noqat qoya almaymız. Óytkeni, ol talay tágdirlerdi sındırıp, xalqımızdıń abıroyın tókti, biraz adamlardıń ómirin bılǵap ketti-dep wádelesken edik. Abaydıń da, Mırzanıń da hám olardıń tárepdarlarınıń da qanday adamlar ekeni tuwralı azın-awlaq túsinikke iye bolsańız, biziń maqsetimiz, pák adamlardıń namısın "mırzashılıqtan qorǵawdan ibarat ekenin bilip alasız»-degen qatarlar menen avtor óz pikirlerin bayanlaǵan.

Bunda avtordıń bul obrazlarǵa qanday qatnasta ekenligi attan anıq belgili bolıp tur. Bul esseni oqıw barısında onıń qaharmanlarınan biri Abaydıń balalıǵınan bar jaman illetti ózine artqan adam ekenligin túsiniwge boladı. Ata-anasınıń miyrimanlıǵın, bar sharayatlardıń qádirine jetpegen bul qaharman ómiri dawamında adamlarǵa pánt berip, aldaw menen shuǵıllanǵan. Bul waqıyalar bir

tárepten turmıstan alınǵan desek te boladı. Óytkeni, jámiyette Abay usaǵan pás qılıqlı adamlar ushırasadı. «Bes barmaq birdey emes» delingenindey, bunday adamlardıń háreketi tek ǵana átirapındaǵılarǵa unamsız tásirin kórsetedi. Shıǵarma avtorı bul esseni jazıw barısında óziniń stillik sheberligin anıq sáwlelendire alǵan. Sebebi, xalıq arasında ushırasatuǵın unamlı, unamsız hádiyselerdi óz shıǵarmasına tolıq sińdirip, kitap oqıwshısınıń kóz aldına eleslettire alıw bul úlken sheberlikti talap etedi.

Demek, házirgi qaraqalpaq ádebiyatında publicistikalıq shıǵarmalardıń dóreliwi áste-áste rawajlanıw baǵdarlarına iye bolmaqta. Shıǵarmalarda turmıs shınlıǵı, jámiyettegi unamlı-unamsız hádiyseler ashıp berilmekte. Bul qubılıslar ádebiyattanıwdıń ele de alǵa ilgerilewine sebep boladı. Lekin, publicistikalıq shıǵarmalardıń janrlıq ózgeshelikleri menen qosa ideya-tematikalıq ózgesheliklerin tereńirek úyreniw házirgi ádebiyattanıw iliminiń aktual máselelerinen biri.

### Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Аяпов А.Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ публицистикалық лирикасы. Фил.илим.канд.дисс. Нөкис. 2010.
2. Жәримбетов Қ. Аср қорақалпоқ мумтоз лирикаси. Жанр хусусиятлари ва ривожланиш тарихи. Докт.дисс.автореф. Нукус. 2005, Б.23.
3. Meliboyev A. Badiiy publitsistikada davr ruhi. “Jahon adabiyoti” jurnali, 2011 yil, 4-son.
4. Султон И. Адабиёт назарияси. Тошкент, «Ўқитувчи», 1986.